**A Munyori wevhangeri:**

- ❖ **Mumishinari akakoniwa.**
  - — Kufanana nevamwe vaevhangeri vose, Marko haazvidudzi nezita. Aiva mukomana pakaitika zvinhu zvaanorondedzera, izvo zvimwe akadzidza nezvazvo kuburikidza noukama hwake hwepedyo nomuapostora Petro (1 Pet. 5:13).
  - — Mai vaJohani Marko ndivo vaive muridzi wenzvimbo muJerusarema paiungana kereke kuti inamate panguva yekusungwa kwaPetro (Mabasa 12:12).
  - — Nguva pfupi pashure pacho, Bhanabhasi naSauro (vakanga vaenda kuJerusarema kunopa chipo) vakatora Johani Mako vakaenda naye kuAntiokia (Mabasa12:25).
  - — MuAntiokia, Mweya Mutsvene pawakadana Bhanabhasi naSauro kuti vave mamishinari pakati pevaHedheni, vakatora Johani Mako semubatsiri wavo (Mabasa 13:2-5).
  - — Asi upenyu hwoumishinari hwakaratidza kuva hwakaoma zvikuru kuna Marko aiva achiri muduku, uyo akasarudza kudzokera kuJerusarema (Mabasa 13:13).
- ❖ **Kubatsira pabasa.**
  - — Pauro paakaronga rwendo rwechipiri rweumishinari, akaramba kugamuchira Mako somubatsiri (Mabasa 15:36-38). Pauro aida vabatsiri vakasimba, vaizova tsigiro, kwete mutoro. Marko haana kukwana muchimiro ichi.
  - — Zvisinei, Bhanabhasi aiva nechokwadi chokuti muzukuru wake Marko, akanga ane mukana wakakwana wokuva mumishinari akanaka. Saka akatora Marko akaenda naye kuKupro, Pauro naSirasi vakananga kuAsia (Mabasa 15:39-41).
  - — Hatizivi zvakazoitika, asi tinoziva kuti Bhanabhasi akanga ataura zvirizvo. Nokutaura katatu nezvake mutsamba dzake, Pauro akasvika pakurangarira Marko se“unoɓatsira kwaʐo pabasa,” mubatsiri kwaye (VaKorose. 4:10; Firimoni . 24; 2Tim. 4:11).
  - — Nekuda kwemukana uyu wechipiri, nhasi tinogona kunakidzwa nenyaya inofadza yevhangeri yaMarko.

**B Kutanga kwevhangeri:**

- ❖ **Kugadzirira. Marko 1:1-8.**
  - — Marko anotanga nekutisuma kuna Mwari achigadzirira rwendo rweMwanakomana wake ( Marko 1:1-2; Maraki 3:1 ). Rwendo rwunotanga mumatare ekudenga, uye rwuchatora Jesu Kristu pamuchinjikwa, kuti agamuchirwe zvakare Kudenga (Marko 16:19).
  - — Kugadzirira nzira iyi, Mwari anosarudza Johani Mubapatidzi “Inzwi rounoɗana murenje” (Mk. 1:3; Is . 40:3).
  - — Jesu asati atanga rwendo rwake rwokutipira upenyu hwake, Johani akagadzirira mwoyo yevanhu nokuvatungamirira kuti vatendeuke uye achivakoka kuti vabhabhatidzwe(Marko 1:4-6).
  - — Akavagadzirira kugamuchira Mwanakomana waMwari: ane simba kupfuura Johani pachake; akanyanya kufanira; uye kuti achabhabhatidza norubhabhatidzo runoshanda zvikuru(Marko 1:7-8).
- ❖ **Rubhabhatidzo. Marko 1:9-13.**
  - — Jesu anotanga rwendo rwake nenzira inoshamisa: Mwari Baba vanomuratidza seMwanakomana wake, uye Mweya Mutsvene anoratidza huvepo hwake muchimiro chemuviri ( Marko 1: 10-11 ). Kubvira pamavambo chaipo, Jesu anoratidzwa somunhu woumwari, Mwanakomana waMwari. Asi anoratidzwawo somunhu:
    1. (1) Anobhabhatidzwa naJohani, kwete kuti Johani abhabhatidzwe naiye (Marko 1:9)
    2. (2) Anotungamirirwa neMweya (Marko 1:12)
    3. (3) Anofanira kuva oga naMwari (Marko 1:13a)
    4. (4) Anoedzwa nadhiabhorosi (Marko 1:13b)
    5. (5) Anosangana nenjodzi dzinokuvadza muviri (Marko 1:13c)
    6. (6) Ngirozi dzinomushumira(Marko 1:13d)
- ❖ **Shoko. Marko 1:14-15.**
  - — Shoko rokutanga raJesu raitaura zvitatu (Marko 1:15):
    1. (1) “Ŋguʋa yazadziswa”: Kunongedzerwa kuuprofita hwemavhiki 70 ( Dan . 9:24).
    2. (2) “ʋushe bgaMŋari bgasweɗera pedyo”: Chitsidzo chekuti sungano yeruponeso yakanga yava kutanga kuzadzikiswa.
    3. (3) “tendeʋukai, mutende Evaŋgeri”: Rukoko rwekutora chikamu musungano, nekugamuchira ruregerero kuburikidza nekutenda muna Jesu.

— Shoko redu razvino uno rinobatanidzawo zvitatu izvi: Nguva yazadzikiswa; Jesu ari kuuya; uye tinofanira kutendeuka uye totenda kuti tigoenda Naye.